



# GID POU MOUN KAP PRAN SWEN LÒT MOUN

Koman pou w Pale ak yon Timoun Konsènan  
Depòtasyon oswa Separasyon

Nouvèl yo ak konvèsasyon granmoun yo sou depòtasyon ka lakòz timoun yo enkyete oswa estrese paske yo pa konprann konsèp oswa aspè lalwa ak règleman yo. Kèk timoun ka vinn pè separasyon avèk yon paran e konsa tou lòt timoun ka ap fè fas a separasyon.



## ESKE SE POU MOUN KAP BAY SWEN AN PALE AK TIMOUN YO SOU DEPÒTASYON AK SEPARASYON?

Moun kap bay swen an toujou ap poze tèt yo kesyon si lap pi bon pou yo fè silans e debat si konvèsasyon sou bagay sa yo pap fè timoun nan pè oswa twomatize l'. Byen ke sijè sa ka yon tijan mal alèz pou w pale ak yon timoun, men li enpòtan pou fanmi ke sa konsène yo pale sa ak timoun yo- Menm si se ta yon paran ki afekte pa depòtasyon oswa yon moun ki konn okipe yon timoun ki separe de yon paran.

Yon konvèsasyon ki alèz e ki nan nivo laj timoun nan ka ede w jere estrès timoun nan e tou li ka ede w eksplike mo depòtasyon ak imigran. Timoun yo ap tande mo sa yo nan bouch lòt moun, men li pi bon si yo resevwa bon enfòmasyon nan men yon paran oswa moun kap okipe yo.

## KOMAN YON MOUN KAP PRAN SWEN YON TIMOUN KA EKSPLIKE L' DEPÒTASYON?

Lè wap eksplike yon timoun yon bagay ki difisil oswa ki fò pou laj li, li bon pou-w pran egzanp ke yo ka konprann. Men kèk egzanp ke moun kap pran swen timoun yo ka pran lè yap pale ak timoun yo sou depòtasyon.

## PRESKOLÈ



Timoun nan laj sa konprann mo separasyon an nan sans ke se pou yon ti bout tan. Se paske li difisil pou yo konprann konsèp "pou ampil tan." Pou timoun nan laj sa l'ap bon pou eksplike bagay yo ak mo nan nivo yo ka konprann.

### Koparezon règ nan klas:

Bi final la se ke pafwa nou dwe mande pèmisyón anvan nou fè kèk bagay, menm si se bagay ki enpòtan (pa ekzanp, mande pèmisyón anvan ou kite klas la pou w ale nan twalèt) e lè w pa fè sa ka gen konsekans oswa pinisyón.

Byen eksplike kiyès kap gen pou l pran swen timoun nan:  
"Tati Marie ap abiye w, mennen w lekòl, jwe avè w, fè manje pou ou, mete w kouche, e latriye..."

## LAJ POU TIMOU LEKÒL



Timoun yo ka eseye kache sa yo santi pou yo pa bay paran yo pwoblèm. Konsa tou yo ka pa bay sitiyasyon an enpòtans byen ke sa ka bay yo pwoblèm.

### Koparezon sòti ak lekòl la:

Bi final la se ke anvan ou soti ak lekol la ou dwe gen yon fòm ki ba w pèmisyón pou w soti. Si yon timoun soti san fòm sa, li ka gen pou l tounen mande fòm nan pou yo ka kite l soti.

## ADOLESAN



Sa se bon laj pou w fè limyè sou kèk dout konsènan bagay ke yo tandé, pou w eksplike yo kèk mo epi tou pale yo de istwa fanmi yo.

### Koparezon katastwòf natirèl:

Bi final la se ke yon moun afekte pa depòtasyon li bon pou w prepare menm jan ou konn prepare pou catastwòf natirèl.

Nan plan preparasyon an, ou ka: prepare dokiman legal, revize yo ak adolesan an epi fè l konnen ki kote nou sere yo.

